



## Kat asirans ou oswa lòt dokiman

Ou pwobableman te resevwa yon pake manm avèk enfòmasyon osijè kouvèti asirans ki soti nan swa plan sante ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP. Li enfòmasyon sa paske ou pral bezwen lè ou gen pou al wè yon Doktè oswa si ou rele konpayi asirans ou pou mande yon kesyon. Si ou pa ka li oswa konprann li, rele plan sante ou oswa pwogram CHIP oswa Medicaid eta epi mande yo pou yo eksplike w li.

Ou ka te resevwa yon kat oswa lòt dokiman kòm prèv asirans ou. Kat ou a ka parèt diferan de sa a, men ou ta dwe gen menm kalite enfòmasyon an. Kèk plan sante pa gen kat, men ou ta dwe resevwa enfòmasyon sa nan yon lòt fason. Si ou pat resevwa yon kat, kontakte plan sante w la pou wè si ou ta dwe gen youn.

### NON KONPAYI ASIRANS

Kalite Plan **4**

Dat Efektif

Gwoup Preskripsyon # XXXXX

Kopeman Preskripsyon  
\$15.00 Jenerik **7**  
\$20.00 Non mak

Non Manm: Jane Doe **1**

Nimewo Manm: XXX-XX-XXX **2**

Nimewo Gwoup: XXXXX-XXX **3**

Kopeman PCP \$15.00 **5**  
Kopeman Spesyalis \$25.00  
Kopeman Sal Dijans \$75.00

Sèvis Manm: 800-XXX-XXXX **6**

Enfòmasyon ki annaprè a ta dwe enkli nan kat asirans ou a oswa yon lòt dokiman ki soti nan plan sante w la oswa Medicaid eta oswa CHIP.

- 1 Non Manm ak dat nesans.** Sa yo jeneralman enprime sou kat ou a.
- 2 Nimewo Manm.** Yo itilize nimewo sa a pou idantifye ou kidonk Doktè w la konnen kijan pou l faktire plan sante w la. Si konjwen ou oswa timoun yo egalman enkli nan kouvèti asirans lan, nimewo manm ou a ka gen anpil resanblans.
- 3 Nimewo Gwoup.** Yo itilize nimewo sa a pou kontwole benefis spesifik plan w lan. Yo itilize l tou pou idantifye ou kidonk Doktè w konnen kijan pou l faktire konpayi asirans ou.
- 4 Kalite Plan.** Kat ou a kapab genyen yon etikèt tankou HMO, PPO, HSA, Ouvè, oswa yon lòt mo pou dekri kalite plan ou genyen an. Bagay sa yo ap di ou ki kalite rezo plan w lan genyen ak ki Doktè ou ka wè ki disponib “nan-rezo a” pou ou.
- 5 Kopeman.** Sa yo se kantite lajan ke ou pral dwe lè w jwenn swen sante.
- 6 Nimewo telefòn.** Ou ka rele plan sante w la si ou gen kesyon osijè pou jwenn yon Doktè oswa sa ki enkli nan kouvèti asirans ou a. Nimewo telefòn yo pafwa liste nan do kat ou a.
- 7 Preskripsyon kopeman.** Sa yo se kantite lajan ke ou pral dwe pou chak preskripsyon ou te ranpli.